



# Nimewo Ak Kat Sekirite Sosyal Ou

## Ki sa ki andedan

Ki jan pou m jwenn yon nimewo ak yon kat?	1
Ki sa sa koute?	3
Èske gen diferan tip kat?	3
Ki jan pou m fè pou pitit mwen gen yon nimewo Sekirite Sosyal?	3
E si non m te chanje?	3
Ki jan pou m asire m dosye m yo egzat?	4
E si estati imigrasyon m oswa sitwayènte m chanje?	4
E si kat mwen an pèdi oswa yo vòlè l?	4
Ki jan m ka pwoteje nimewo Sekirite Sosyal mwen an?	5
Pou kontakte Sekirite Sosyal	5

Yon nimewo Sekirite Sosyal se yon bagay ki enpòtan paske w bezwen I pou jwenn yon djòb, kolekte benefis Sekirite Sosyal epi resevwa kèk sèvis gouvènman an. Gen anpil lòt biznis, tankou bank ak konpayi kredi, ki mande pou nimewo Sekirite Sosyal ou tou.

Si w pa yon sitwayen epi w ap viv Ozetazini, ou ka bezwen yon nimewo Sekirite Sosyal tou. Pou plis enfòmasyon, gade *Nimewo Sekirite Sosyal pou Moun ki pa Sitwayen Ameriken* (Piblikasyon No. 05-10096-HC). Si w Ozetazini tanporèman pou travay, gade *Travayè Etranje Ak Nimewo Sekirite Sosyal* (Piblikasyon No. 05-10107-HC).

## Ki jan pou m jwenn yon nimewo ak yon kat?

Pou aplike pou yon nimewo ak yon kat Sekirite Sosyal:

- Ranpli yon fòm SS-5, *Aplikasyon pou yon Kat Sekirite Sosyal* (Fòm SS-5-INST-HC); epi
- Montre nou dokiman orijinal oswa kopi ajans ki bay dokiman sa yo sètifye. Nou paka aksepte fotokopi oswa kopi ki notarye. Tout dokiman yo dwe aktyèl (pa ekspire):
  - Estatí sitwayènte ameriken oswa estati imigrasyon [ikonpri pèmisyon Depatman Sekirite Nasional (Department of Homeland Security, DHS) ba w pou travay Ozetazini];
  - Laj; epi
  - Idantite.

Ou ka poste aplikasyon ou ranpli a pou yon kat Sekirite Sosyal (Fòm SS-5) ansanm ak dokiman w yo oswa ranpli aplikasyon w lan defason elektwonik epi soumèt dokiman yo nan biwo lokal Sekirite Sosyal ou a.

Yon entèvyou an pèsòn obligatwa pou nenpòt moun ki gen 12 an oswa plis k ap fè demann pou yon nimewo ak kat orijinal Sekirite Sosyal menm si yon paran oswa gadyen pral siyen aplikasyon an pou timoun nan.

**Estat sitwayènte oswa imigrasyon:** Nou ka aksepte sèlman kèk dokiman kòm prèv sitwayènte ameriken. Prèv sa yo enkli yon sètifica nesans Ozetazini, yon paspò ameriken, sètifica natiralizasyon oswa sètifica sitwayènte. Si w pa yon sitwayen ameriken, Sekirite Sosyal pral mande pou wè dokiman imigrasyon ou genyen yo. Dokiman ki akseptab ou yo enkli:

- Fòm I-551, *Permanent Resident Card* (Kat rezidan pèmanan, kat vèt, ikonpri viza imigran ki lizib pa òdinatè avèk paspò etranje w la ki pa ekspire);
- I-94, *Arrival/Departure Record* (Dosye arive/ depa), avèk paspò etranje w ki pa ekspire; oswa
- I-766, *Employment Authorization Card* (EAD, work permit, Kat otorizasyon anplwa, pèmi travay).

Etidyan entènasyonal yo dwe prezante plis dokimantasyon. Pou plis enfòmasyon, gade *Etidyan Entènasyonal Ak Nimewo Sekirite Sosyal* (Piblikasyon No. 05-10181-HC).

**Laj:** Si w te fèt Ozetazini, ou bezwen prezante sètifica nesans ou Ozetazini. (Si youn egziste, ou dwe soumèt li). Si yon sètifica nesans pa egziste, nou ka aksepte:

- Dosye reliye w ki te fèt anvan w gen 5 an ki montre dat nesans ou; oswa
- Dosye lopital Ozetazini sou nesans ou; oswa
- Paspò.

- Si w te fèt nan yon lòt peyi etranje, ou bezwen prezante sètifica nesans etranje w la (si w genyen youn, oswa si w ka jwenn yon kopi nan yon espas 10 jou ouvrab). Si w paka jwenn li, nou ka aksepte:
- Paspò etranje w;
- I-551 kat rezidan pèmanan; oswa
- I-94 dosye arive/depa.

**Idantite:** Nou ka sèlman aksepte kèk dokiman kòm prèv idantite. Yon dokiman ki akseptab dwe aktyèl (pa ekspire) epi li dwe montre non w, enfòmasyon ki idantifye w, epi preferableman yon foto ki resan. Sekirite Sosyal pral mande pou yo wè yon lisans chofè Ozetazini, kat idantifikasyon leta bay ki pa yon lisans chofè, oswa paspò ameriken kòm prèv idantite. Si w pa gen dokiman espesifik nou mande yo, nou pral mande w pou n wè kèk lòt dokiman tankou:

- Kat idantifikasyon anplwaye;
- Kat idantifikasyon lekòl;
- Kat asirans medikal (pa yon kat Medicare);
- Kat idantifikasyon lame ameriken;
- Dekrè adopsyon;
- Polis asirans vi; oswa
- Dokiman maryaj (sèlman nan sitiyasyon kote non moun nan chanje).

**Tout dokiman yo dwe swa orijinal swa kopi ajans ki bay dokiman sa yo sètifye. Nou paka aksepte fotokopi oswa kopi dokiman yo ki notarye.** Nou ka itilize yon dokiman pou de bi. Pa egzanp, nou ka itilize paspò ameriken w lan kòm prèv ni pou sitwayènte ni pou idantite. Oswa, nou ka itilize sètifica nesans ou Ozetazini kòm prèv laj ou ak sitwayènte w. **Sepandan, ou dwe bay omwen de dokiman separe.**

Nou pral poste nimewo w la ak kat ou a depi nou gen tout enfòmasyon w epi ou te verifye dokiman w yo avèk ofis ki te bay yo a.

## Ki sa sa koute?

Nou pa chaje w pou yon nimewo ak kat Sekirite Sosyal. Si yon moun kontakte w epi li vle chaje w pou I fè w jwenn yon nimewo oswa yon kat Sekirite Sosyal, tanpri sonje sèvis Sekirite Sosyal sa yo gratis. Ou ka rapòte nenpòt moun k ap eseye chaje w lè w rele liy asistans biwo Enspektè Jeneral la (Office of the Inspector General) nan **1-800-269-0271**.

## Èske gen differan tip kat?

Nou bay twa tip kat Sekirite Sosyal. Tout kat yo montre non w ak nimewo Sekirite Sosyal ou.

- Premye tip kat la montre non w ak nimewo Sekirite Sosyal ou epi li pèmèt ou travay san restriksyon. Nou bay li a:
  - Sitwayen ameriken; ak
  - Moun ki legalman admèt Ozetazini defason pèmanan.
- Dezyèm tip kat la montre non w ak nimewo w la ak nòt sa a, “VALID FOR WORK ONLY WITH DHS AUTHORIZATION (VALAB POU TRAVAY SÈLMAN AVÈK OTORIZASYON DHS).” Nou bay tip kat sa a pou moun ki rantre legalman nan peyi a defason tanporè epi ki genyen otorizasyon nan men DHS pou yo travay.
- Twazyèm tip kat la montre non w ak nimewo w la ak nòt sa a, “NOT VALID FOR EMPLOYMENT (PA VALAB POU TRAVAY).” Nou bay kat sa a pou moun ki sot nan lòt peyi:
  - Ki rantre legalman Ozetazini san yo pa gen otorizasyon nan men DHS pou yo travay, men yo gen yon rezon valab ki pa gen rapò ak travay ki fè yo bezwen yon nimewo Sekirite Sosyal; oswa
  - Ki bezwen yon nimewo akoz yon lwa federal ki mande pou gen yon nimewo Sekirite Sosyal pou ka jwenn yon benefis oswa yon sèvis.

## Ki jan pou m fè pou pitit mwen gen yon nimewo Sekirite Sosyal?

Se yon bon ide pou jwenn nimewo a lè pitit ou a fèt. Ou ka aplike pou nimewo Sekirite Sosyal pou tibebe w la lè w ap aplike pou sètifikasi nesans tibebe w la. Ajans leta ki bay sètifikasi nesans yo pral pataje enfòmasyon sou pitit ou a avèk nou. Nou pral voye kat Sekirite Sosyal la ba w pa lapòs.

Oswa, ou ka rete tann epi aplike nan nenpòt biwo Sekirite Sosyal. Si w ret tann, ou dwe bay prèv laj, idantite, ak sitwayènte ameriken pitit ou a. Ou dwe montre nou prèv relasyon w ak timoun nan oswa prèv responsablité w pou yon timoun. Epitou ou dwe montre nou prèv idantite pa w. Nou dwe verifye dosye nesans pitit ou a, kidonk sa ka ajoute 12 semèn sou kantite tan sa pran pou n voye yon kat. Pou verifye yon dosye nesans, Sekirite Sosyal pral kontakte biwo ki te bay li a.

Adopsyon: Nou ka bay pitit ou adopte a yon nimewo anvan adopsyon an fin fèt, men ou ka vle ret tann. Ansuit, ou ka aplike pou nimewo a lè w itilize nouvo non pitit ou a. Si w vle reklame pitit ou a sou taks ou pandan adopsyon an pokon fin fèt, kontakte Internal Revenue Service pou Fòm W-7A, *Application for Taxpayer Identification Number for Pending U.S. Adoptions (Aplikasyon pou Nimewo Idantifikasyon Kontribyab pou adopsyon Ozetazini ki ann atan)*. Pou plis enfòmasyon, gade *Nimewo Sekirite Sosyal Pou Timoun* (Piblikasyon No. 05-10023-HC).

## E si non m te chanje?

Si w legalman chanje non w akoz maryaj, divòs, lòd tribinal oswa nenpòt lòt rezon, ou bezwen fè Sekirite Sosyal konn sa pou ka jwenn yon kat ki korije. Si w ap travay, se pou fè anplwayè w la konn sa tou. Si w pa fè nou konnen lè non w chanje, sa ka:

- Retade ranbousman taks ou; epi

- Anpeche pou yo poste salè w kòrèkteman sou dosye Sekirite Sosyal ou, sa ki ka redui montan pou benefis Sekirite Sosyal w ap gen pou resevwa alavni.

Si w bezwen chanje non w sou kat Sekirite Sosyal ou a, ou dwe montre nou yon dokiman ki pwouve non w chanje defason legal. Kèk dokiman Sekirite Sosyal ka aksepte pou pwouve yon chanjman non ki legal enkli:

- Dokiman maryaj;
- Dekrè divòs;
- Sètifikasi natiralizasyon ki montre yon nouvo non; oswa
- Lòd tribinal pou yon chanjman non.

Si dokiman ou bay kòm prèv pou yon chanjman non ki legal pa ban nou ase enfòmasyon pou idantifye w nan dosye nou yo, oswa si w te chanje non w plis pase dezan de sa (katran de sa si w poko gen 18 an), ou dwe montre nou yon dokiman idantite ki gen ansyen non w (jan sa ye nan dosye nou yo). Nou pral aksepte yon dokiman idantite sou ansyen non w ki te ekspire.

Si w pa gen yon dokiman idantite sou ansyen non w lan, nou ka aksepte yon dokiman idantite ki pa ekspire sou nouvo non w lan, depi nou ka etabli idantite w nan dosye nou yo kòmsadwa.

Nouvo kat ou a pral genyen menm nimewo ak ansyen kat ou a, men li pral gen nouvo non w sou li.

## Ki jan pou m asire m dosye m yo egzat?

Chak ane anplwayè w la voye yon kopi W-2 w la (*Wage and Tax Statement, Deklarasyon salè ak taks*) nan Sekirite Sosyal. Nou konpare non w ak nimewo Sekirite Sosyal ou ki sou W-2 a avèk enfòmasyon ki sou dosye nou yo. Nou ajoute salè ki sou W-2 w la nan dosye Sekirite Sosyal ou a.

Li enpòtan anpil pou non w ak nimewo Sekirite Sosyal ou ki sou kat Sekirite Sosyal ou a ann amoni ak dosye pèman anplwayè w la ak W-2 a konsa nou ka kredite salè w yo sou dosye w la.

Se responsabilite w pou asire w ni dosye Sekirite Sosyal ou a ni dosye anplwayè w la kòrèk. Si kat Sekirite Sosyal ou a pa kòrèk, kontakte nenpòt biwo Sekirite Sosyal pou ka fè chanjman yo.

Tyeke fòm W-2 w la pou asire dosye anplwayè w la kòrèk epi, si non, bay anplwayè w la enfòmasyon ki egzat la.

Ou ka tyeke dosye salè w tou sou *Social Security Statement (Deklarasyon Sekirite Sosyal)* ou a. *Deklarasyon* an sou entènèt la pou travayè ki gen 18 an oswa plis. Pou egzamine *Deklarasyon* w lan, ale nan [www.socialsecurity.gov/myaccount](http://www.socialsecurity.gov/myaccount) epi kreye yon kont.

## E si estati imigrasyon m oswa sitwayènte m chanje?

Si estati imigrasyon w te chanje oswa ou te vin yon sitwayen ameriken, ou dwe fè Sekirite Sosyal konn sa pou nou ka mete dosye w yo ajou. Pou fè koreksyon sou estati imigrasyon w oswa sitwayènte w, ou bezwen montre dokiman ki pwouve nouvo estati w la oswa sitwayènte w la. Nou ka aksepte sèlman kèk dokiman kòm prèv sitwayènte pou nouvo kat ak kat ranplasman. Dokiman sa yo enkli paspò ameriken w, yon sètifikasi natiralizasyon oswa yon sètifikasi sitwayènte. Si w pa yon sitwayen ameriken, Sekirite Sosyal pral mande pou I wè dokiman imigrasyon ou genyen kounye a.

## E si kat mwen an pèdi oswa yo vòlè l?

Ou ka ranplase kat Sekirite Sosyal ou a oswa kat Sekirite Sosyal pitit ou a gratis si li pèdi oswa si yo ta vòlè l. Sepandan, gen yon limit kote ou ka sèlman ranplase twa kat nan yon ane epi 10 kat pandan tout lavi yon moun. Chanjman nan non ki legal ak lòt eksepsyon pa konte nan limit sa yo. Pa egzanp, chanjman nan estati moun ki pa sitwayen ki nesesite pou mete kat yo ajou ka pa konte nan limit sa yo. Epitou, ou ka pa afekte akoz limit sa yo si w ka pwouve ou bezwen kat la pou evite yon gwo difikilte.

Pou jwenn ranplasman pou yon kat Sekirite Sosyal, ou pral bezwen:

- Ranpli yon *Applikasyon pou yon Kat Sekirite Sosyal*;
- Prezante yon dokiman orijinal ki pa ekspire ki gen enfòmasyon ki ka idantifye w, epi preferableman, avèk yon foto resan ki pwouve idantite w;
- Montre prèv ou se yon sitwayen ameriken si w te fèt andeyò Etazini, epi ou pa t montre prèv sitwayènte w lè w te resevwa kat ou a; epi
- Montre prèv estati legal ou kòm yon moun ki pa sitwayen ameriken.

Si w se yon sitwayen ameriken, ou abite nan kèk eta oswa District of Columbia, ou ka bezwen mande yon kat ranplasman atravè pòtay *my Social Security a nan [www.socialsecurity.gov/myaccount](http://www.socialsecurity.gov/myaccount)*. Vizite [www.socialsecurity.gov/ssnumber](http://www.socialsecurity.gov/ssnumber) pou yon lis eta k ap patisipe ak kèk lòt kondisyon. Pou jwenn ranplasman pou kat Sekirite Sosyal ou a, ou dwe montre nou dokiman ki pwouve idantite w. Ou dwe montre nou tou dokiman ki pwouve laj ou ak sitwayènte ameriken w, si yo poko nan dosye nou yo.

Ranplasman pou kat ou a pral genyen menm non ak nimewo ki te sou ansyen kat ou a.

## Ki jan m ka pwoteje nimewo Sekirite Sosyal mwen an?

Ou ta dwe trete nimewo Sekirite Sosyal ou a kòm enfòmasyon konfidansyèl epi evite bay li san nesesite. Ou ta dwe kenbe kat Sekirite Sosyal ou a nan yon kote ki ansekirite avèk lòt papye enpòtan ou genyen. Pinga w mache avèk li amwenske ou bezwen montre yon anplwayè oswa fournisè sèvis.

Nou fè plizyè bagay pou pwoteje nimewo w lan pou lòt pa fè move itilizasyon avèk li. Pa egzanp, nou mande epi enspekte avèk anpil atansyon prèv idantite nan men moun ki aplike pou ranplase yon kat Sekirite Sosyal ki pèdi oswa yo te vòlè, oswa ki aplike pou korije yon kat. Yon rezon ki fè nou fè sa se pou anpeche lòt

moun jwenn nimewo Sekirite Sosyal yon fason ki kwochi pou etabli fo idantite. Nou mentni lavi prive dosye Sekirite Sosyal yo amwenske:

- Lalwa mande pou nou divilge enfòmasyon bay yon lòt ajans gouvènman an; oswa
- Enfòmasyon w lan nesesè pou nou regle biznis Sekirite Sosyal oswa lòt pwogram sante oswa byennèt gouvènman an.

Ou ta dwe fè anpil atansyon lè w ap pataje nimewo ak kat ou pou ka pwoteje kat la pou lòt moun pa mal itilize l. Se yon bagay ki volontè pou bay nimewo Sosyal ou menm lè yon moun ta mande w nimewo a dirèkteman. Si yon moun ta mande w nimewo a, ou ta dwe mande:

- Poukisa w bezwen nimewo a;
- Ki fason yo pral itilize nimewo w la;
- Ki sa k ap rive si w refize bay li; epi
- Ki lwa ki egzije pou bay nimewo w la.

Repons pou kesyon sa yo ka ede w deside si w vle bay nimewo Sekirite Sosyal ou. Se desizyon pa w pou pran.

## Pou kontakte Sekirite Sosyal

Genyen plizyè fason pou kontakte Sekirite Sosyal, san wete sou entènèt, pa telefòn, epi an pèsòn. Nou la pou n reponn kesyon w yo epi pou n sèvi w. Depi plis pase 80 ane, Sekirite Sosyal te ede sekirize lavi w jodi a ak demen lè l ofri benefis ak pwoteksyon finansye pou dèmilyon moun nan pakou y ap fè nan lavi yo.

## Vizite sitwèb nou an

Fason ki pi pratik pou regle biznis nan Sekirite Sosyal nenpòt kote nenpòt lè, se lè w vizite sitwèb nou an [www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov). Nan sit la, ou kapab:

- Kreye yon kont *my Social Security* pou egzamine *Social Security Statement (Deklarasyon Sekirite Sosyal)* ou a, verifye revni w, enprime yon lèt verifikasyon benefis, chanje enfòmasyon pou depo

dirèk ou, fè demann pou yo ranplase kat Medicare ou, jwenn yon ranplasman pou fòm SSA-1099/1042S, ak anpil lòt bagay ankò;

- Aplike pou jwenn Extra Help (èd siplemantè) avèk depans plan Medicare pou medikaman ou achte avèk preskripsyón;
- Aplike pou benefis retrèt, envalidite ak Medicare;
- Jwenn kopi piblikasyon nou yo;
- Jwenn repons pou kesyon moun konn poze souvan; ak
- Anpil lòt bagay ankò!

Kèk nan sèvis yo disponib sèlman nan lang anglè. Vizite Multilanguage Gateway (pòtay miltilang) nou an pou enfòmasyon nan lang kreyòl ayisyen. Nou ofri sèvis entèprèt gratis pou ede w regle biznis Sekirite Sosyal ou yo. Sèvis entèprèt sa yo disponib kit ou pale avèk nou pa telefòn kit ou vini nan biwo Sekirite Sosyal la.

## Rele nou

Si w pa gen aksè nan entènèt, nou ofri plizyè kalite sèvis otomatize, 24 sou 24, 7 jou pa semèn. Rele nou gratis nan **1-800-772-1213** oswa nan nimewo TTY nou an, **1-800-325-0778**, si w soud oswa ou gen difikilte pou tandem.

Si w bezwen pale avèk yon moun, nou ka reponn apèl ou yo apati 7 è dimaten jiska 7 è diswa, de lendi a vandredi. Nou mande w pou pasyan pandan peryòd nou okipe anpil paske w ka jwenn plis siyal okipe epi w ka gen pou ret tann pi lontan anvan w gen opòtinite pou pale avèk nou. N ap tann pou n sèvi w.



Securing today  
and tomorrow

Social Security Administration  
Publication No. 05-10002-HC | January 2017  
Nimewo Ak Kat Sekirite Sosyal Ou  
Your Social Security Number and Card (Haitian-Creole)  
Produced and published at U.S. taxpayer expense  
Se lajan kontribiyab Ozetazini peye ki pèmèt yo pwodui epi pibliye piblikasyon sa a